**दिन–बुधवार** **दिनांक–08.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक चारिम आ पांचम चरणक लेल चुनाव प्रचार तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न गठबंधन आ राजनीतिक दल सभक स्टार प्रचारक आ वरिष्ठ नेता मतदाता लोकनि के अपन पक्ष मे एकजुट करबाक लेल लगातार सभा, रैली, रोड़–शो आ जनसंपर्क कऽ रहल छथि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री नितिन गडकरी आई बेगूसराय संसदीय क्षेत्रक मटिहानी मे पार्टी प्रत्याशी आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह के पक्ष मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री गडकरी कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे केन्द्र सरकार समाजक सभ वर्गक लेल काज कयलक अछि। ओ कहलनि जे राजमार्ग सभक निर्माण सँ बिहारक विकास संभव भऽ रहल अछि। श्री गडकरी लोक सभ सँ विकास के प्राथमिकता देबाक लेल गिरिराज सिंह के पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि।

---

ओतहि राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आई जहानाबाद आ रोहतास मे चुनावी सभा के संबोधित करैत महागठबंधन प्रत्याशी के पक्ष मे मतदानक अपील कयलनि। सभा के विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो संबोधित कयलनि। पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे श्री यादव भाजपा पर आरक्षण के समाप्त करबाक षड्यंत्र करबाक आरोप लगौलनि। एम्हर वामपंथी दल सीपीआई, सीपीएम आ माले के वरिष्ठ नेता लोकनि सेहो अपन– अपन उम्मीदवार लोकनि संग इंडी गठबंधन के प्रत्याशी लोकनिक विजय सुनिश्चित करबाक लेल लगातार प्रचार कऽ रहल छथि। निर्दलीय प्रत्याशी सेहो अपन क्षेत्र मे लगातार जनसंपर्क अभियान चला रहल छथि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बारह मई के पटना साहिब संसीदय क्षेत्र सँ रविशंकर प्रसाद आ पाटलिपुत्र सँ एनडीए प्रत्याशी रामकृपाल यादवक समर्थन मे रोड–शो करवाक पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी जनौलनि जे बेली रोड सँ शुरू भऽ कऽ ई रोड–शो डाकबंगला चौराहा धरि चलत।

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक लेल राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र– वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण शिवहर, वैशाली, गोपालगंज सीवन आ महाराजगंज मे नवासी उम्मीदवार चुनावी मैदान मे रहि गेल छथि। काल्हि नामांकन पत्र सभक जांच मे पचपन उम्मीदवा लोकनिक पर्चा अमान्य कऽ देल गेल। अभ्यर्थी काल्हि धरि नाम आपस लऽ सकैत छथि। एहि चरणक लेल पच्चीस मई के मतदान हेबाक अछि।

---

मेडिकल पाठ्यक्रम मे प्रवेशक लेल आयोजित होबऽबला नीट– यूजी परीक्षा मे गड़बड़ी के जांचक लेल पटना पुलिस एसआईटी के गठन कयलक अछि। सिटी एसपी, सेंट्रल के नेतृत्व मे गठित एसआईटी मे दू डीएसपी रैंक के अधिकारी, छओ  इंस्पेक्टर आ तकनीकी सेलक पुलिसकर्मी  के सम्मिलित कयल गेल अछि। एसएसपी राजीव मिश्र जनौलनि जे एहि मामिला मे गिरफ्तार आरोपी सभ के पुलिस रिमांड पऽ लऽकऽ पुछताछ करत। विदित अछि जे एहि मामिला मे एखत धरि तेरह आरोपी सभ के गिरफ्तार कयल जा चुकल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे मंडल कमीशन रिपोर्ट के भाजपाक पचासी सांसद लोकनि समर्थन कयने छलाह। आई पटना में संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री चौधरी कहलनि जे मात्र राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक कारणेँ मंडल कमीशन रिपोर्ट लागू नहि भेल छल।

---

केसरिया विधानसभा क्षेत्र सँ राजदक प्रत्याशी रहि चुकल संतोष कुशवाहा आ भुपेन्द्र नारायण मंडल विश्वविद्यालय मधेपुरा के पूर्व कुलपति जयप्रकाश नारायण झा आई अपन समर्थक लोकनिक संग भाजपा मे सम्मिलित भऽ गेलाह। पटना मे आयोजित समारोह मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी दुनू नेता लोकनि के पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दियौलनि।

---

मौसम विभाग दस मई धरि प्रदेश मे वर्षा के गतिविधि जारी रहबाक संभवना जनौलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक एस. के. पटेल जनौलनि जे एहि दरमियान

नेपालक तराई बला क्षेत्र तथा राज्यक पूर्वी क्षेत्र सभ मे बेसी वर्षा हेबाक संभावना अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत पूर्वी चंपारणक ललबगिया घाट मे सभ सँ बेसी चौरासी मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि कौवाकोल मे चौवन दशमलव दू आ रक्सौल मे अड़तालीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। एकर अलावे कतेको ठाम बीस सँ चालीस मिलीमीटर धरि वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————

राज्क सभ स्वास्थ्य केन्द्र पर हरेक मासक चौदह तारीख के आयुष्मान आरोग्य शिविरक आयोजन कयल जायत। इ शिविर सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र, प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र आ हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर मे लगाओल जायत।

———————————————————————————

शिवहर सदर थाना क्षेत्र अंतर्गत ऊकनी मे आई भेल वर्षा के दरमियान ठनका खसबाक घटना मे एक युवक के मृत्यु भऽ गेलनि।

पटना म्युजियम मे आई शॉर्ट–सर्किट के कारण भीषण आगि लागि गेल। ओहि ठाम अग्निशमन दस्ता के एक दर्जन सँ बेसी गाड़ी सभक मददि सँ आगि पर नियंत्रण पाओल गेल।

गया जिलाक डोभी थाना क्षेत्रक शिवरतीपुर महादलित टोल मे अवैध रूप सँ शराब बनेबाक संवाद पर छापामारी करऽ पहुँचल पुलिस टीम पर स्थानीय लोक सभ हमला कऽ देलनि। एहि हमला मे कतेको पुलिसकर्मी लोकनिक घायल हेबाक संवाद अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।